

14 mas 2020

Nou Sispann Pwogram Edikasyon Aletranje UMD yo pou prentan 2020 tout kote

Chè kominote Invèsite Maryland,

Avèk anons pou mete plis restriksyon nan vwayaj ak inivèsite k ap fèmen nan peyi etid aletranje UMB atravè lemond, jodiya m ap **sispann tout pwogram Edikasyon Aletranje UMD pou prentan 2020 tout kote tousuit epi egzije pou tout etidyan yo retounen lakay yo pi vit posib.**

Mwen vle souliye nou te pran desizyon sa a paske nou gen gwo enkyetid pou sante ak sekirite etidyan nou yo. Nou egzije pou etidyan yo aji byen vit epi kowopere ak manm pèsonèl Edikasyon Aletranje an pou rantre lakay yo pi vit posib pou evite plis risk pou sante yo, plis restriksyon vwayaj nou pa te prevwa, ak lòt pwoblèm grav.

N ap fè suivi apa avèk elèv yo ak kontak ijans yo pou bay plis resous ak konsèy.

Yon lòt fwa ankò, mwen mande tout moun pou yo pran mezi prevansyon yo oserye epi vizite umd.edu/virusinfo pou rete okouran.

Ak tout senserite,

Mary Ann Rankin

Vis Prezidan ak Dwayen